



Pou Piblikasyon Imedya: 21/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ MILTIMODAL K AP KOUTE
13,9 MILYON DOLA SOU THRUWAY LA NAN KONTE WESTCHESTER**

*Yo pral konstwi pon pou bisiklèt/pyeton sou South Broadway Route 9 nan
Tarrytown sou Thruway I-87/I-287*

*Yo pral pwolonje santye lateral Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M.
Cuomo Bridge) nan sid rive nan Lyndhurst Mansion*

Yo pral elaji ranp pou moute ak desann sou Thruway la nan South Broadway

*Yo pral enstale nouvo sinyalizasyon pou sikilasyon nan entèseksyon kle yo, pami
lòt amelyorasyon wout yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Otorite Thruway (Thruway Authority) pral kòmanse yon pwojè miltimodal k ap koute 13.9 milyon dola sou wout South Broadway 9 nan Vilaj Tarrytown nan Konte Westchester. Pwojè ki gen plizyè aspè a pral pwolonje santye lateral pon Gouvènè Mario M. Cuomo a nan sid rive nan Lyndhurst Mansion epi li gen ladan konstriksyon yon pon pou pyeton ki mezire 270 pye longè sou Thruway I-87/I-287 pou amelyore aksè ak sekirite pou pyeton yo ak siklis yo.

"Elaji aksè pou pyeton ak bisiklèt sou Rivyè Hudson esansyèl pou konekte kominote yo pou lwazi ak vwayaj", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Patenarya sa a ant Otorite Thruway la ak Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) a pral ofri nouvo kokenn chenn sèvis pou rezidan Tarrytown yo ak vizitè Hudson Valley yo -- sa k ap kreye kominote ki pi an sekirite, ki plis konekte."

Depatman Transpò Eta New York la se yon patnè finansman nan pwojè dezan an, ki pral tou:

- Elaji ranp yo nan Thruway Interchange 9 ki mennen ale ak soti nan South Broadway;
- Ajoute yon dezyèm liy pou vire agoch soti nan South Broadway pou rive nan ranp antre Thruway la nan direksyon sid;
- Enstale yon sinyalizasyon sikilasyon sou South Broadway nan Paulding Avenue pou rann li pi an sekirite pou otomobilis yo vire;

- Repare ak refè sifas South Broadway soti nan Route 119 jis nan sid Gracemere Lane;
- Relokalize yon konduit dlo vilaj la sou pon South Broadway la.

Direktè Egzekitif Pwovizwa Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare, "Pwojè enpòtan sa a pral amelyore koridò South Broadway la nan Tarrytown epi rann li pi an sekirite pou pyeton ak siklis yo jwenn aksè ak Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a, ak lòt rezo bisiklèt/pyeton tankou RiverWalk ak Old Croton Aqueduct. Envestisman nan enfrastrikti tankou pwojè sa a benefisye non sèlman kominote a, men tou tout moun ki vizite vilaj la ak anpil atraksyon li yo."

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Santye lateral Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a se youn nan gwo atraksyon lwazi Hudson Valley a, ki ofri siklis ak pyeton yo bèl panorama sou Rivyè Hudson pandan y ap travèse youn nan pi bon egzanp enfrastrikti 21èm syèk la nan peyi a. Depatman Transpò a fyè pou l fè patenarya ak Otorite Thruway LA sou pwojè sa a, ki pral fè travèse pon an plis yon aktivite ki dwe fèt epi bay siklis ak pyeton yo yon fason ki pi an sekirite pou navige nan koridò Route 9 la epi pou yo rive nan destinasyon lwazi ki popilè yo nan Westchester."

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Mwen kontan dèske m te sipòte gwo pwojè Route 9 sa a nan Tarrytown ki pral pwolonje yon santye lateral pou siklis ak pyeton yo soti nan Pon Mario Cuomo a rive nan Lyndhurst ki enkli yon pon pou pyeton sou Thruway la. Li pral amelyore tou de ranp yo pou monte ak desan sou Thruway la epi sa ki enpòtan, li pral ajoute yon limyè sikilasyon nan entèseksyon Broadway ak Paulding lan. Limyè sa a se yon amelyorasyon ki nesèsè anpil pou sekirite rezidan yo nan zòn nan ansanm ak moun k ap kite ak antre nan Shames JCC. Se yon viktwa pou pyeton, siklis, ak otomobilis—epi mwen bat bravo Otorite Thruway NYS la ak Depatman Transpò NYS la pou efò yo."

Manm Asanble MaryJane Shimsky, te deklare, "Envestisman 13.9 milyon dola Eta New York la nan South Broadway nan Tarrytown pral amelyore enfrastrikti lokal yo ak sikilasyon transpò—kit se pa otomobil, bisiklèt, oswa a pye. Sa ki pi enpòtan, nouvo pon pou pyeton an pral bay yon koneksyon an sekirite ki nesèsè anpil pou pyeton ak siklis k ap vwayaje ant Irvington ak Tarrytown. Mwen remèsye DOT ak Otorite Thruway Eta paske yo te abòde bezwen ki dire lontan nan koridò ke yo itilize anpil sa a."

Kad Egzekitif Konte Westchester, George Latimer, te deklare, "Konsève wout nou yo pou vwayajè yo ak moun ki vizite sit istorik nou yo ka gen aksè ki dous epi san danje nan tout sa Westchester gen pou ofri se yon fonksyon enpòtan gouvènman an. Mwen fyè pou m travay avèk patnè nou yo nan Eta New York sou amelyorasyon enpòtan sa a pou ogmante sekirite epi amelyore opòtinite pou rezidan Westchester ak vizitè yo pou vizite epi jwi."

Sipèvizè Vil Greenburgh la, Paul Feiner te deklare, "Mwen kontan dèske Otorite Thruway NYS ap planifye amelyorasyon pou pyeton, bisiklèt ak sekirite nan South Broadway (Route 9) nan vilaj Tarrytown. Mwen se yon siklis pasyone. Yo byen akeyi tout efò pou amelyore bisiklèt ak aksè pou pyeton nan pon an."

Nouvo pon pou pyeton ki mezire 270 pye longè a se eleman ki pi wo nan pwojè a. LMC Industrial Contractors, Inc., nan Avon, N.Y., pral konstwi travès ki mezire 14 pye nan lajè a an 11 segman, epi konekte li sou plas. Konstriksyon modilè pèmèt anpil nan travay la fèt andeyò sit la nan yon anviwònman kontwole, kidonk sa ki diminye kantite aktivite toupre ak anlè wout yo epi limite enpak sou otomobilis ak rezidan yo. Yo espere l ap bati nan fen ane sa a, pon an pral lokalize sou bò lwès (Rivyè Hudson) nan South Broadway.

Lè pwojè a fini nan fen ane 2024, santye lateral Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a pral pwolonje apeprè yon kilomèt edmi sid soti nan Westchester Landing santye a nan 333 South Broadway nan Tarrytown rive nan Lyndhurst Mansion, kote pyeton ak siklis yo pral kapab konekte san pwoblèm ak Santye Old Croton Aqueduct la. Santye lateral la fini kounye a nan yon ranp ki gen gwo volim kote South Broadway rankontre Route 119. Plis pase 500,000 moun te vizite santye 5.8 km pon an depi li te ouvè nan mwa jen 2020 an.

Apati semèn sa a, ekip yo pral kòmanse debwaze ak netwaye pye bwa an prevansyon pou aktivite eskavasyon nan zòn travay pon South Broadway la. Li pral swiv konstriksyon nouvo pilye pon an beton sou chak bò Thruway la.

Majorite konstriksyon yo pral fèt pandan lajounen; gen kèk travay ki mande pou fèmen liy Thruway la k ap fèt nan mitan lannwit pou sekirite travayè yo ak pou limite enpak sou sikilasyon. Anplis de sa, ranp sòti 9 yo pral redwi an yon sèl liy jan sa nesesè pou kèk aktivite konstriksyon.

Gianfia Corporation of Hawthorne, N.Y. te resevwa kontra a apre yon pwosesis apèldòf.

Otomobilis yo ka rankontre rediksyon liy nan zòn travay la pafwa epi n ap raple otomobilis yo ke nan Eta New York la, kontravansyon yo double lè yo depase limit vitès nan zòn travay yo. Konfòmman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay (Work Zone Safety Act) yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans yon moun.

Otorite Thruway la pa resevwa dola taks federal oswa eta; li finanse atravè frè itilzatè yo. Bidjè 2023 Otorite a ke yo te apwouve a envesti yon total 413 milyon dola pou sipòte Pwogram Kapital li a, ki pwograme pou envesti 1.9 milya dola nan pwojè kapital jiska 2027.

Pou mizajou sou enfòmasyon sou sikilasyon yo, nou ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li a ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android yo.

Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk nan tan reyèl ak asistans pou navigasyon pandan yo sou wout.

Epitou, vwayajè yo ka vizite [Kat Vwayaj](#) Otorite Thruway a ki anime e ki ofri aksè pou wè kamera sikilasyon yo nan tan reyèl. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa [imèl TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)